



# Biwo Konsèy Espesyal pou Pratik Travay Malonèt ki Asosye avèk Imigrasyon

Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis Etazini

## Konnen Dwa ou! Aprann Dwa ou nan Travay

Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis Etazini gen yon biwo ki la pou asire patwon yo pa pratike diskriminasyon kont moun ki gen pèmisyon pou yo travay nan Etazini akòz peyi kote yo sòti oswa akòz kondisyon imigrasyon yo. Li ilegal pou revoke sèten travayè oswa pou refize anboche yo akòz kote yo sòti, oswa akòz kote yo sanble sòti (diskriminasyon ki baze sou peyi kote yo sòti), oswa paske yo se yon sitwayen ameriken, oswa paske yo pa yon sitwayen ameriken (diskriminasyon ki baze sou kondisyon imigrasyon). Lwa a pwoteje travayè yo tou kont patwon k ap mande twòp dokiman otorizasyon pou travay, oswa kont patwon ki rejte dokiman otorizasyon ki valab pou travay pou rezon diskriminasyon.

### ***Kijan mwen kapab di si yon patwon ap pratike diskriminasyon kont mwen?***

Yon patwon ka pratike diskriminasyon ki baze sou peyi kote ou sòti oswa sou kondisyon imigrasyon ou si patwon an:

- Egzije sèten travayè pou yo montre "drinkat yo."
- Mande sèten travayè pou yo bay plis dokiman pase sa ki nesesè pou ranpli fòm I-9 la.
- Rejte dokiman otorizasyon ki valab pou travay.
- Refize kite sèten travayè kòmanse travay paske yon non ak yon nimewo Sekirite Sosyal pa annamoni.
- Refize anboche refijye ak moun yo bay azil paske yo pa gen nimewo Sekirite Sosyal oswa drinkat.
- Anboche sèlman sitwayen ameriken (sof si se yon egzijans legal).
- Mande sèten travayè pou yo bay dokiman otorizasyon yo pou travay anvan li ofri yo djòb.
- Revoke travayè ki gen otorizasyon pou travay poutèt yo bay manti sou kondisyon san papye yo te gen anvan, men pa revoke lòt travayè poutèt yo bay manti sou diferan aspè fòmasyon pwofesyonèl yo.

### ***Kisa E-Verify ye?***

E-Verify se yon pwogram elektwonik kèk patwon itilize pou konfime anplwaye yo gen otorizasyon pou travay. Avèk kèk eksepsyon, yo itilize pwogram sa a pou travayè yo fèk anboche yo. Yo pa ta janm dwe itilize E-Verify pou moun ki aplike pou jwenn djòb. Yon patwon ki itilize E-Verify ka pratike diskriminasyon akòz peyi kote travayè a sòti, oswa akòz kondisyon imigrasyon li, si patwon an:

- Itilize E-Verify pou tcheke sèlman, men pa tout, nouvo anplwaye li anboche yo.
- Itilize E-Verify pou tcheke sèlman kèk, men pa tout, anplwaye ki la déjà yo (Anjeneral, patwon yo ta dwe itilize E-Verify sèlman nan moman anbochaj la).
- Refize kite sèten travayè ki gen Non-Konfirmasyon Pwovizwa (TNC) pou travay, oswa fè travayè yo rete tann dat pou yo kòmanse travay pandan y ap korije TNC yo.
- Mande sèten travayè pou yo tcheke tèt yo poukонт yo nan sistèm "Oto-Verifikasyon" E-Verify.

### ***Kisa ou ta dwe fè si ou panse oumenm oswa yon moun ou konnen viktim kalite diskriminasyon sa yo?***

Rele Biwo Konsèy Espesyal pou Pratik Travay Malonèt ki Asosye avèk Imigrasyon (OSC) nan Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis Etazini nan nimewo Liy Dirèk li pou Travayè nan **1-800-255-7688, 9am-5pm, Fizo Orè Lès** (TDD pou moun ki mal pou tandem: 1-800-237-2515). Ou pa gen pou bay non ou, epitou gen entèprèt ki disponib pou ede ou. **Li ilegal pou yon patwon entimide, menase, oswa fè vanjans kont yon moun poutèt moun nan ta kontakte Liy Dirèk la.** Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Dirèk la, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb <http://www.justice.gov/crt/about/osc>.